*Къоман барт бийриг нийсо йу!*

gazeta-lamanan-az@mail.ru lamanan-az.ru @shatoy_lamanan_az

# Ламанан аз

*Голос гор*



Муниципальное автономное некоммерческое учреждение “Шатойская районная газета “Ламанан аз”

Основана в апреле 1931 года №27 (1186) 20 августа 2026г. Свободная цена

**Кадыров Ахьмад-Хьаьжа вина 75 шо кхачарна лерина**

## Лаьмнашкара дахар хийцаделла дог1у



Советан заманахь ламанца 1охкучу йарташкара бахархой даима а хилла даьхнилелорехь хьанал къахьоьгуш. Оцу декъашкахь б1аьрла кхиамаш а бохура цара.

Вайн республикана дукха рицкъа латтадора х1етахь оцу аграрни декъана чуйог1учу колхозийн даьхний дусторан комплексаша. Эзарнашкахь лелош дара бежнаш, иттаннаш эзарнашкахь - уьстаг1ий, кхидерг ца дийцича а, доккха Делан беркат дара иза вайн махкана. Базарашкахь, туьканашкахь хаддаза хуьлура лаьмнашкара сурсатийн рицкъа: жижиг, моз, хьелийн даьтта, нехча, к1алд, т1уо... Цундела олуш хилла-кх оцу декъехь болчу говзанчаша шайн статистически хаамашкахь: «Вайн лаьмнаша дийнна республика кхобура», - олий.

Амма х1етахь, х1ун дара а хаац, кхин тоделла д1адоьдушм дацара ламанхойн 1ер-дахар. Йацара уггар оьшуш йолу школаш, ФАПаш, больницаш, некъашца долу хьал а ледара дара, ткъа электросерло-м йийца оьшуш йацара. Кхин ламанцара йарташна пайда ца хуьлуш, уьш ден ца луш, бух боцчу бердах чукхоьссича санна довш дара и рицкъа. Цуьнан бахьана, схьахетарехь, коьртачу декъана лакхарчу 1едалан, шайн “т1оьрмиг” буьзчахьана, ламанхошца бала цахилар дара. Шайн хьадалчаш хьала а хоьций, шаьш наггахь бен ца бог1ура йа баьхкича а нехан бала а ца хуьлура, сакъерар, сада1ар бен. Вог1уш верг шена т1аьхьа теттина хьаькмийн, милцойн арданг а оьций вог1ура, шайна гонах нах хьийзаш дозалла а деш...

Ши-кхо бежана а, иттех уьстаг1 а лелош верг хьолада ву, иза вохон веза, бохуш къамелаш а хезара гонаха дуьйцуш. Ламанхой боха а дера бира, цкъа бина ца 1аш, мосуьйтазза. Цара хала хьалайина лаппаг1наш бульдозаршца д1а шарйеш, йагош, даьхний д1а а дохуш.

Бала хьегна бохург-м дийца оьшуш дацара. Ойла йойтург кхин ду: сел ч1ог1а 1едало шайна иштта ницкъ бешшехь, мел хало шайгахь хиллехь а, оцу лаьмнех къаста цабалар х1ун хилла техьа церан? Дера хилла дай баьхначу лаьтте болу безам ч1ог1а хилар (Дала и безам ч1аг1бойла вайн массеран а!).

И дерриг хилла а, лелла а, дайша 1аьвшина а ду. Ткъа тахана муха бу техьа вайн коьртачу 1едалан ламанхошка болу хьежам, х1етахьлерачул кхин хийца деллий техьа ламанцара дахар? Тахана х1ун боху техьа ламанхоша? Иштта сайн коьрте йаьхкинчу ойланашца доло луур дара суна х1ара дийцар.

Хийцамаш хиллий бохург дан а дац, дера хилла, бахархойн вайн 1едале болу хьежам нийсса б1останехьа карчош. Оцу вай лакхахь йийцинчу заманахь хиллачу 1едале иттанаш шерашкахь ца даделларг беттанашкахь а деш дукха дика г1уллакхаш дина, деш а ду тахана. Луур дара хьахон церан беркате йуьхьиг ламанца д1а муха йолайелира.

2002-г1а шо. Т1еман г1артата мелла а д1атийнера республикехь. Йохийна 1охкура вайн г1аланаш, йарташ. Уьш меттах1итторехь оьшура 1аламат боккха ницкъ. Вахаван а кхин маьрша а дацара, стенга-мича буьгу а ца хууш д1акхуьйлуш, т1епаза бовш кегийнах а бара...

Оцу халачу хенахь аравелира Кадыров Ахьмад-Хьаьжа (Дала г1азот къобалдойла цуьнан) нахе махкахь долчу хьолах бакъдерг дуьйцуш. Хаддаза бахархошца хуьлучу цхьаьнакхетаршкахь цо йовзуьйтура шен дог-ойла, ша дан леринарг.

**(Чаккхе 2-чу аг1онехь)**

**22 августа - День Государственного флага РФ**



## Триколор - символ России

**Каждое государство имеет свои государственные символы. Главные символы государства, знаки его суверенитета - герб, флаг, гимн. Символы государства - это и история страны, и ее сегодняшний день. Они выражают особенности исторического пути страны, ее отличительные черты в ряду других стран. История символов государства должна быть известна каждому гражданину страны. Одним из важнейших государственных символов России является государственный флаг.**

Государственный флаг в России появился на рубеже XVII-XVIII веков, в эпоху становления России как мощного государства. Впервые бело-сине-красный флаг был поднят на первом русском военном корабле “Орел”, в царствование отца Петра I Алексея Михайловича.

Законным же отцом триколора признан Петр I. 20 января 1705 года он издал указ, согласно которому “на торговых всяких судах” должны поднимать бело-сине-красный флаг, сам начертал образец и определил порядок горизонтальных полос. В разных вариациях трехполосный флаг украшал и военные корабли до 1712 года, когда на военном флоте утвердился Андреевский флаг.

Три цвета флага, ставшего национальным, получили официальное толкование. Красный цвет означал “державность”, синий - цвет Богоматери, под покровом которой находится Россия, белый - цвет свободы и независимости. Эти цвета означали также содружество Белой, Малой и Великой России.

Новейшая история трехцветного флага берет свое начало от 22 августа 1991 года. В дни августовского путча ГКЧП Президиум Верховного Совета РСФСР на чрезвычайной сессии постановил: «Считать исторический флаг России - полотнище из равновеликих горизонтальных белой, лазоревой, алой полос - официальным национальным флагом Российской Федерации». 22 августа 1991 года над Белым домом (Дом Правительства РФ) был поднят трехцветный флаг, заменивший в качестве государственного символа красное полотнище с серпом и молотом.

Закон о внесении в Конституцию изменений относительно государственного флага был принят на 6-м Съезде народных депутатов РФ 21 апреля 1992 года. Отныне закон гласил: “Государственный флаг РСФСР представляет собой прямоугольное полотнище с равновеликими горизонтальными полосами: верхняя полоса белого цвета, средняя - лазоревого цвета и нижняя - алого цвета. Отношение ширины к его длине - 1:2.”

В 1993 году Указом Президента РФ бело-сине-красный флаг определен государственным. Пропорции флага стали равными 2:3, что более соответствовало дореволюционному российскому флагу. Цвета стали называться «белый», «синий», «красный».

В августе 1994 года Президент России подписал Указ, в котором говорится: “В связи с восстановлением 22 августа 1991 года исторического российского трехцветного государственного флага, овеянного славой многих поколений россиян, и в целях воспитания у нынешнего и будущих поколений граждан России уважительного отношения к государственным символам, постановляю:

Установить праздник - День Государственного флага Российской Федерации и отмечать его 22 августа”.

20 декабря 2000 года был принят федеральный конституционный Закон «О Государственном флаге Российской Федерации». Согласно закону, Государственный флаг является государственным символом России.

Он поднимается (устанавливается) во время всех официальных мероприятий, проводимых органами государственной власти как федеральными, так и местными.

Государственному флагу, как святыне, отдаются высшие государственные почести. Его достоинство подлежит защите по всему миру, оскорбление флага расценивается как оскорбление чести нации и государства.

***Редколлегия газеты “Ламанан аз”***

# Лаьмнашкара дахар хийцаделла дог1у

(Чаккхе. Йуьхь йеша 1-чу аг1онехь)

«Со т1ом сацо г1ерташ вац, иза гуттаренна а вайн махкара д1абаккха г1ерташ ву. Нохчийн къам маьрша а долуш, лулара къаьмнаш хьега а хьоьгуш даха хуур ду. Делан пурбанца, и йу сан коьрта 1алашо, иза кхочушйан аса сайн са а кхоор дац, Дала мукъалахь», - олура цо шен къамелехь. Цхьаццаберш х1етахь башха теша а ца тешара цо дуьйцучух. Амма теша-м дийзира. Ша б1аьрзе воцчунна гуш ду-кх тахана вайн республикан йуьхьсибат, дерриг дуьне цец а доккхуш, хийцаделла хилар.

Цуьнан бахьана цхьаъ дара - сел декъаза долу нохчийн г1ийла къам хьере хилла хьаьвзича, Делаца ч1аг1о а йина, шен йукъ а йихкина цунна хьалхавала доьналла долуш стаг хилар. Иза вара доггах шен къам дезаш, цуьнгахь болу бала шен сих а, дагах а хьакхабелла, кийрахь бусалба дог долу Кадыровг1еран Ахьмад-Хьаьжа (Дала декъалвойла иза!).

Х1инца т1аьхьа-м массара а говза мах хадабо цо динчу а, дан лерина хиллачу а мехалчу г1уллакхийн. Х1етахь, халчу хенахь, бакъдерг дийцича, к1езиг бара цунна йуххехь тешаме накъостий. Ца теша хир бар-кха уьш, цуьнга цхьаъ далур ду аьлча. Т1ейеанарг 1аламат чолхе, кхераме зама хилар гуш дара. Кхерам массо аг1ор т1ете1аш бара, къаьсттина цунна а, цуьнан гергарчарна а. Машар ца безаш, йамартло шайца йолуш, цхьа к1илло х1умалгаш йара иштта а бала т1ех1оьттина хьийзачу нахана кхин т1е а сингаттам баккха арайевлла хьийзаш.

Амма халкъе шен болу безам боккха хиларна йухацавелира доьналлех вуьзна волу майра к1ант Ахьмад-Хьаьжа. Иза тешара Дала бакъо толориг хиларх. Цунах тийшира нохчийн къам а. Амма нохчийн ц1ий шайн дег1аца доцчу, боьхачу йовссарша, йоккха йамартло а йина, вайх къастийра Ахьмад-Хьаьжа. Мел хан-зама д1аэхарх шен дуьхьа дахар д1аделла волу йахь йолу къонаха цкъа а вицлур вац нохчийн къомана. Цуьнан ц1е нохчийн керлачу историхь дашочу элпашца йазйина хир йу.

Шен ден весеташ кхочушдан йукъ а йихкина аравелира, даима а цунна йуххехь хилла волу, сийдолу к1ант Рамзан. Олуш ду-кха: «Шен дена во1 хилла воцчух, махкана к1ант хир ма вац». Рамзан хила ма-веззара шен ден во1 вара, цуьнан муьлхха а лаам кхочушбан кийча а волуш. Ткъа Ахьмад-Хьаьжин лаам а, 1алашо а цхьаъ йара, вай лакхахь ма-аллара: нохчийн къам парг1атдаккхар, иза маьршачу дахарна, къинхьегамна т1едерзор.



2002-чу шеран май беттан уьссалг1ачу дийнахь, цхьанна а дагахь а доцуш, Итон-Кхаьлла кхечира Ахьмад-Хьаьжа, шеца цхьаьна х1етахь хиллачу НР-н Правительствон Председатель Станислав Ильясов, Нохчийчуьра йерриг т1еман группировкин командующи волу инарла Александр Баранов, иштта кхиберш а болуш. Оцу халчу хенахь (йеш «зачисткаш», д1акхуьйлуш нах а болуш) шаьш дага а даьхкина, кхуза 1едалах стаг кхочур ву аьлча тешаш бацара ламанхой. Амма кхача-м кхечира. Дукха адам дацара х1етахь лаьмнашкахь дехаш-1аш - т1амах шайн доьзалш к1елхьарбаха д1асабаьржинера дуьне мел ду. Цигахь бухахь хиллачарна Ахьмад--Хьаьжас динчу къамело церан хьере хиллачу дегнаш чу йовхо йиллира, тешийра кхане маьрша йог1ург хиларх.

Лахенгахь, г1алахь, шен дуккха а даккхийра г1уллакхаш доллушехь, уьш 1адда а дитина, шаьш лерина иза лаьмнашка вар деза хетара ламанхошна. Шен дог-ойла царна йовзийтинчул т1аьхьа Ахьмад-Хьаьжас лерина ладуьйг1ира церан лазамашка, дош а делира г1онакъосталла дийр ду аьлла. Ша царна х1етахь делла дош цо лардар вай тахана массо а теш а ву.

Оццу шарахь Шуьйта а кхечира Ахьмад-Хьаьжа. Кхузахь а боккха кхаъ хиллера меттигерчу бахархошна сел ч1ог1а шайца ларам хиларна. Цу цхьаьнакхетарехь хиллачара дуьйцура Ахьмад-Хьаьжас воккхаверца деш хилла къамел:

- Ша йалсамане санна исбаьхьа хаза мохк белла вайна Дала. Вайн дайн истори кхузара д1айолалуш ма йу. Дала а могуьйтур дац вайна х1ара сийлахь лаьмнаш, кура б1аьвнаш, шийла шовданаш дола а ца деш латтийтар. Дала мукъалахь, аса дош ло шуна кху лаьмнашкахь кестта электросерло а, газ а кхочург йу аьлла. Дукха хан йалале вайн лаьмнех цецбуьйлуш, хьегар бу нах.

Вайна ма-хаъара, йерриге а республика йара шина т1еман к1уьрлара йала г1ерташ. Гуш йара йохийна, йагийна г1аланаш, йарташ. Ламанцара к1отарш а ца йевлира оцу бохамах к1елхьара, йерзаза йара церан чевнаш а. Бевддий, баьржиний, ц1аберза йиш йоцуш дукха нохчийн доьзалш бара генна республикал арахьа. Иштта хьере хилла хьийзачу адамашна ч1ог1а оьшура шайн дог хьаста стаг. Иза царна хила а хилира - иза вара Кадыров Ахьмад-Хьаьжа.

Мел къаьхьа делахь а, цо даима а бакъдерг дуьйцура нахе. Цундела адам цунах теша а тийшира, шен кхоллам уггар хьалха Деле, шолг1а цуьнан кара а белира нохчийн къомо. Цо шен дош кхочуш а дира: меттах1итто йолийра школаш, больницаш, кхийолу объекташ, керла бирг1анаш а йохкуш, хиш дара чудалош... Цу т1ехула т1е нахана массанхьа луш пенсеш, берийн пособеш дара, белхан меттигаш йолчохь - алапаш.



Делахь а, кхоччуш вайн бахархошна парг1атбовла оьшург дукха дара. И дара Ахьмад-Хьаьжас цаьрга шен цхьанакхетаршкахь дуьйцуш дерг. Уггар хьалха оьшуш бара вовшех болу тешам, барт, цхьаалла...

Амма ша йуьхьарлаьцна некъ чекхбаккха ца витира иза бийца дай боцчу цхьана боьхачу х1умнаша. Цара 2004-чу шеран 9-чу майхь Соьлжа-Г1аларчу «Динамо» стадионехь Толаман Де даздечу дийнахь йамарта эккхийтар а дина, декъалхилира нохчийн къоман йахь йолу к1ант Ахьмад-Хьаьжа, цуьнца цхьаьна кху лаьмнашкара схьаваьлла волу цуьнан йуххера тешаме накъост Исаевг1еран Хьуьсен а. Дала декъалбойла уьш!

Йуха а хьере хилла хьаьвзира дерриг къам: «Х1инца х1ун хила доллу техьа? Цуьнан метта д1ах1отта и санна вайх дог лозуш стаг хир вуй техьа?» - бохуш. Амма шен сийлахьчу ден метта д1ах1отта к1ант велира Нохчийчохь - Кадыров Рамзан. Цо дуьххьара дуьйна д1агайтира массарна а, шен ден весеташ кхочушдан мел ч1ог1а лаам бу шегахь. Цо мел динчух, дан леринчух тахана вайх х1ора нохчочунна эца масал ду.

2006-г1а шеран б1аьсте. Рамзана т1едилларца дуьххьара лома кхечира Делимханов Адам коьртехь волу нефтеполк. Оцу полкана т1едиллинера ламанан кхаа районехь - Шуьйтахь, Шарахь, Итон-Кхаьллахь долу хьал таллар: 1едалан белхахоша бен болх бахархойн хьашташна т1еберзош, муьлххачу а г1уллакха т1ехь царна накъосталла дар. Цу кхаа ламанан районехь йацара мегарг берашна деша школаш, цамгар хьакхайелларг т1еэца больницаш, ламазана корта тоха маьждигаш... Шара районехь-м ур-атталла электросерло а йацара, кхидерг ца дийцича а. Дика дагадог1у х1етахь Делимханов Адама а, цуьнан кхуза хьалабаьхкина хиллачу накъосташа а йуьртара йуьрта а оьхуш нахаца деш хилла къамелаш. «Тхо шуна г1о-накъосталла де аьлла дахкийтина ду кху лаьмнашка Кадыров Рамзана. Бийца шайгахь болу лазамаш, баланаш, оха иза ма-дарра цунна т1ехьур ду, цо шуна оьшу г1о а дийр ду”,- бохура цара.

Царна вуно дика девзира кхузара хьал. Дуьххьара Шуьйтахь хийцамаш д1абуьйлабелира кхуза воьдуш-вог1уш волчо тахана молуш долу шовда тодарца. Керла дан долийра кхаа районехь маьждигаш, цаьрца цхьаьна хьуьжарш, иштта школаш, больницаш...

Итон-Кхаьллара дуьйна Шара районе альпийски тархийн басешкахула кхузткъа километр сов (йарташка а т1ехь) йига йолийра электросерлонан лини. Дагадог1у советан заманахь Шарарчу Кеха-йуьртара бахархоша (уьш берриш суьйлий бу) Москоха кехат йаздина бохуш: шаьш а ма дара советски адамаш, шайна а ма оьшура «Ильичан лампа». Делахь а, электросерло кхочуш-м йацара лома.

Иштта Итон-Кхаьллара баккхийчара дуьйцура, Хьачара барх1 километр свет пхийтта шарахь йигира советан заманахь, бохуш. Ойла йе шайна, Шара кхузткъа километр сов болчу некъаца шина баттахь йигира электросерло. Иштта шен ден лаам кхочушбеш историхь цкъа а хилла йоцу электросерло кхачийра лома Рамзана. Х1инца а цигара бахархой баркаллаш баьхна а ца бовлу цунна. Оццу 2006-чу шарахь Шуьйтахь меттах1отто йолийра кхаа районна лерина йолу больница. Цу хенахь и мукъа ца йоккхуш, цунах шайн х1усам а йина 1аш бара комендатурера салтий. Ламанца шен инспекционни гуо баккха веанчу вайн къоначу куьйгалхочо Кадыров Рамзана ши-кхо де хан йелира царна больница мукъайаккха. Цара иза, шаьш реза ца хиллехь а, кхин дийцаре ца деш, мукъа а йаьккхира. Иштта шина-кхаа баттахь сурт санна хаза йина д1ах1оттийра керла больница. Цхьамог1а кхаа районехь меттах1иттош йара кхийолу социальни декъехула йолу объекташ а. Цул т1аьхьа дукха хье ца луш йалийра Шуьйта газ а, дехкира асфальтан некъаш. Тахана Итон-Кхаьлла а, Шара а доьлхуш ду иштта асфальтан некъаш, йигна газ.

Наггахь йурт хир йац оцу кхаа районехь Кадыров Рамзанан ц1арах дика г1уллакх даза йа цуьнгара г1о кхачаза. Иза бац т1аккха боккха Делан къинхетам! Иза дац ткъа Ахьмад-Хьаьжас ламанхошна делла дош кхочушдар! Иза дац ткъа мискачун, г1ийлачун г1о-накъосталла лоцуш, ламанхойн лазамаш шен леринчу тидаме а эцна, уьш кхочушбан ницкъ а ца кхоош схьавог1уш Ахьмад-Хьаьжин во1 Рамзан хилар!

Тахана вайн майрра, дозаллица ала йиш йу: вайн Мехк-Да Кадыров Рамзан вуьззина нохчийн къоман к1ант ву! Шен оьзда леларца, бусалба дин ларарца, дайн г1иллакхийн сий дарца, кхечаьрга уьш лардайтарца, хьанал, к1ад ца луш къахьегарца хаийти цо вайна массарна а муха хила веза дикчу ден дика к1ант. Шен оьздачу масаллица Ахьмад-Хьаьжас вайна гайтира муха ваха веза, иэшахь муха вала веза а шен къоман дуьхьа.

Дала нохчийн къоман цунах болу тешам ма бойла цкъа а! Дала диканца бекхам бойла цунна! Дала вовшех дашар а, дезар а лойла вайна!

***ЭСКИЕВ М..***

Поэтах дош

# Цо хестийна вайн Даймохк – Нохчийчоь



Макалов Шамсудди вина а, кхиъна а ву ламанан Шуьйтахь. Нохчийн литературехь кхолларалли к1орге йолуш, шен исбаьхьчу дашца веввзаш, везаш поэт, йаздархо вара Шамсудди. Шен дахаран дукхахдолу шераш Шуьйтан к1оштахь лоьран болх беш д1адаьхьна цо.

1965-чу шарахь Ш. Макаловс кхиамца чеккхйаьккхира Дагестански лоьрийн институт. Белхаш бира к1оштан больницехь терапевт а, коьртачу лоьран заместитель а волуш. Ткъа 1969-чу шарахь дуьйна Шуьйта к1оштан коьрта санитарни лоьран даржехь хьанала къахьегна 40 шарахь сов.

Цул сов, шегахь пох1ма хиларе терра, исбаьхьаллин кхоллараллина шен деган йовхо д1алуш стаг вара иза. Цуьнан йозанаш дуьххьара зорбане девлла «Ленинаннекъ» газетан а, «Орга» журналан а агIонаш тIехь. Цул тIаьхьа цуьнан очеркаш а, дийцарш а зорбане дийлина республикин газеташкахь, журналашкахь а.

Шамсуддис цхьабосса шера йазйора нохчийн а, оьрсийн а меттанашкахь проза а, поэзи а, пьесаш а баккхийчарна а, берашна а лерина йолу. Шен говзаршкахь цо дуьйцура Даймахке болчубезамах, Iаламах, адамийн йукъаметтигех. Поэтан байташ шен к1оргенан маь1на хиларца а, деган йовхонца а къаьсташ йу. «Боларан ирс» (1974 шо) - авторан уггаре хьалхара байтийн гулар, цо литературехь шен дош ч1аг1дина жайна ду. Цул т1аьхьа арадийлина цуьнан дийцарш, пьесаш, байташ, забаре дийцарш: «Тамашийна суьйре», «Суьйренан ойланаш», берашна лерина «Маьлказан йиш», «Зезагийн ницкъ», иштта «Хьалхара г1улчаш» (1982 шо), «Нохчийчохь цхьа шо»(1993 шо), кхийолу а повесташ.

Ш. Макаловн кхоллараллин некъ ч1ог1а гергара бара Шуьйтан к1оштан «Ламанан аз» газетан редакцина. Шамсудди кест-кеста тхан редакце вог1уш волу хьоме а, лараме а хьаша вара. Цо даима а гергарло латтадора журналисташца, Хуьлура цаьрца цхьаьна школашкахь д1ахьочу цхьаьнакхетаршкахь. Цуьнан байташ, керла дийцарш дукхахьолахь зорбане довлура кхузахь, меттигерчу дешархошка цуьнан дош д1аккхачош.

Ш. Макаловн поэзехь шатайпа сийлахь меттиг д1алоцу Нохчийн Республикин Хьалхарчу Президентах, Россин Турпалхочух Кадыров Ахьмад-Хьаьжех (Дала г1азот къобалдойла цуьнан) лаьцна йазйинчу байташа.Ша халкъан патриот, къоман г1иллакхаш лардийриг хиларе терра, шен байташкахь Ахьмад-Хьаьжин васт боккхачу ларамца, деган йовхонца гайтина Ш. Макаловс. Цо билгалдоккху Ахьмад-Хьаьжа вайн махкахь машар, цхьаалла, бертахь хилар даггара дезна къонах хилар. Халкъ халчу хьолехь долуш, т1еман къизаллех иза к1елхьара даккхарехь цуьнан хилла доьналла а, хьуьнарш а хестадо цо. Тахана «Ламанан аз» газетдешархойн тидаме йахка лиира тхуна царех цхьайолу байташ.

Макалов Шамсудди вайна йукъара бакъдуьнене д1авахана 6 шо кхочу кхушара. (Дала декъалвойла иза). Амма цо нохчийн литературехь йитина лар цкъа а йовр йац. Нохчийн мотт а, литература а кхиорехь цо баьхна кхиамаш биц ца луш бехар бу вайн халкъалахь. Шамсуддин сирла васт даима а дуьсур ду лараме шотойн а, цуьнан исбаьхьа кхоллараллайезархойн а, ишттавайндешархойн а дегнашкахь,

***САЛАМОВ МОХЬАДДИ,***
***«Ламанан аз» газетан-***
***коьрта редактор***

## Бакъонан мурд

Узарш деш Нана-Мохк
Керчича ц1ийла,
Йахь йолчу к1енташка
Кхайкхича орцах,
Нийсонна йукъ йоьхкуш
Г1аьттира къонах,
К1елхьара мохк баккха
Цу т1еман дорцах.

К1елонех, харцонех
Ца лора кхера,
Цо къийсам д1ахьора
Ца хуьлуш къера.
Цо ниййат динера
Барт-машар толо,
Тийжачу махкара
Бала д1акъахко.

Шен толам хетара
Вайн берийн делар,
Кхокхано маьрша т1ам
Вайн стиглахь беттар,
Ваьхнера, ваьгнера
Доьхуш а Деле,
Вайл ирсе хилийта
Вайн кхуьу т1аьхье.

Нана-мохк хьоьстура
Зезагаш делош,
Нанас бер санна и
Шен арахь лелош,
Бакъонан мурд вара
Хьоьшучохь нийсо,
Къонахчун сийлахь ц1е
Хьакъ йолуш лело...

Нохчийчохь б1аьсте йу,
Мохк серлабаьлла,
Баьццара бос эцна
Хазлуш йу г1ала.
И цуьнга хьоьжуш ву
Х1оллам т1е ваьлла,
Гуш ду-кха х1оранна,
Эрна ца ваьхна.



## Толийнарг бакъ

Шен халкъан ойланех
Кхуьура ойла,
Шен халкъан дагах а
Кхуьура дог,
Нохчийчоь хеташ а
Шен деган илли,
Диканан лар йуьтуш
Боккхура ког.

Т1ом беъча 1овжаме,
Кадетташ дера,
Каро ницкъ кхечира
Бакъболу некъ.
Нохчийчоь, хьан б1аьрхих
Буьзна кад мелла,
Адмашна йиллира
Машаран не1.

И даим шен халкъах
Дог лозуш вара,
Х1иттадеш хиндолчу
Дахаран сурт.
Мел ирс ду махкана
Иштта к1ант валар,
Хьоьсту ас и ваьхна,
Кхиийна йурт.

Ша дика вийцийта
Ницкъ кхечи нахе,
Т1аьхьешна шен йаха
Цо йити ц1е,
Со цуьнан х1олламна
Хьалха ву лаьтташ,
Заздоккхуш г1ала йу,
Сирла ду де!

## Машар

Даймохк йухаъ серлабаьлла,
Ша цхьа таме къегина,
Хьовсал, лаьмнаш вайн ц1инделла,
Хилларш т1амо мерцина.

Сан дог-ойла толуш лаьтта,
Машаро йуьхь кхелина,
Кийча ву со т1ома г1атта
Машар маракъевлина.

Хьовсал, хьуьлла, стигалхула
Мархаша шен нека до,
Т1еман к1урах парг1атдевлла,
Уьш шурул а к1айн ма го.

Маьлхан денош, маьлхан дог1а,
Малх бу къегаш тхин б1аьргахь,
Хуьлу иштта хаза ч1ог1а,
Машар хилча Даймахкахь.

## Къонах

Йуьрто а, махко а
Сийдеш шен, лоруш,
Цхьа къонах хилла, бах,
Мацах ц1е йоккхуш.

Ца хилла и т1амехь
Лом санна леташ,
Шаьлта а ца хилла
Нур санна лепаш.

Йалийна ца хилла,
Дин буьйлуш т1ома,
Теркал а дехьара
Лаьллина рема.

Хьал-бахам ца хилла
Нехачул тоьлла,
Йа куц-кеп ца хилла
Эх1, аьлла, б1аьрла.

Х1етте а везаш и
Адмашна хилла,
«Къонаха» аьлла ц1е
Д1айахна хилла.

Иштта и цуьнан ц1е
Д1а х1унда йахна,
Талла цхьа сонта стаг
Хиллера хьаьгна.

Кхайкхина къонаха
Ваьккхина ара,
Йожайеш сонталла,
Хиллера аьлла:

- Нагахь хьо сол а т1ех
Велахь хьуо къонах,
Соьца ницкъ, майралла
Йеза ахь къовса.

Къонахчо элира:
- Ахьа х1ун дуьйцу,
Соьгахьчул хьан дег1ехь
Ницкъ хилар гуш ду.

Майралла д1алур йу,
Хьоьца ца къовсуш,
Вало чу, хьох хьаша
Ас вийр ву, лоруш.

Къонахчо сонтаниг,
Мерза пхьор х1оттош,
Вазвина лелийра,
И беркат хеташ.

Ткъа иза д1авоьдуш
Самукъадаьлла,
Ах-уьстаг1, виц ца луш,
Таьлсаш чу билла.

◇ *Навстречу выборам*

# В Шатое прошел форум старейшин



Во вторник, 18 августа, в Шатойском районном Доме культуры по инициативе новоизбранного председателя Совета старейшин Чеченской Республики, депутата Парламента ЧР Ризвана Дадаева (избран 2 июля 2026 года) прошло мероприятие, приуроченное к предстоящим выборам 18-20 сентября с.г. В данной встрече приняли участие главы администрации трех горных районов - Шатойского, Шаройского и Итум-Калинского (Руслан Акаев, Рамазан Магомедов, Альберт Рабуев), начальник ОМВД России по Шатойскому району Майрбек Ахмадов, председатель Совета старейшин Шатойского района Абдурахман Давлетукаев, кадии районов, имамы сельских мечетей, старейшины горного края, а также представители общественности.



Основная цель мероприятия - консолидация общества и подготовка к многоуровневым выборам, которые пройдут 18-20 сентября 2026 года.

Приветствуя гостей, Руслан Акаев вкратце охарактеризовал социально-экономическую ситуацию в Шатойском районе и его стабильное развитие. Подчеркнул, что разительные перемены, происходящие на территории муниципалитета в нынешнем году - в Год горных районов, стали возможны благодаря нашему национальному лидеру - Главе Чеченской Республики, Герою России Рамзану Ахматовичу Кадырову. Горцы это хорошо понимают и ценят.

Он также отметил, что жители района всегда принимают самое активное участие во всех проводимых в республике выборах. Что касается предстоящих выборов, то к ним в настоящее время идет активная подготовка. Территориальная избирательная комиссия района и участковые избирательные комиссии проводят свою работу согласно требованиям избирательного законодательства. Со своей стороны помощь и содействие им оказывают администрации района и сельских поселений. В населенных пунктах также ведется разъяснительная работа о важности выборов среди избирателей.

Р. Акаев напомнил собравшимся, что на этих выборах предстоит избрать Главу Чеченской Республики, депутатов Государственной Думы РФ, Парламента ЧР, а также депутатов Советов муниципальных округов и выразил уверенность, что жители горного края, имеющие право голоса, проявят присущую им политическую зрелость, приняв активное участие в голосовании.

В свою очередь, председатель Совета старейшин республики, депутат Парламента ЧР Ризван Дадаев основной акцент в своем выступлении сделал на необходимости активизации работы по духовно-нравственному воспитанию молодежи, важности участия в этой работе старейшин, а также их роли, во взаимодействии с религиозными и общественными организациями, в сохранении стабильности и единства в обществе.

Эти же мысли красной нитью проходили и через выступления других участников мероприятия.

Завершилась эта важная встреча совершением религиозного обряда «зикр» и чтением дуа, прося Всевышнего о ниспослании милости и благодати на многострадальную чеченскую землю.

***(Соб. инф.)***

◇ *Спорт*

# «Ахмат» обыграл «Факел» со счетом 2:1

Грозненский «Ахмат» обыграл воронежский «Факел» со счетом 2:1 в матче второго тура группового этапа Пути РПЛ Фонбет Кубка России.

Счет уже на первой минуте встречи открыл нападающий «Ахмата» Георгий Мелкадзе. На 31-й минуте преимущество грозненской команды удвоил ангольский полузащитник Эгаш Касинтура, который первым оказался на добивании и головой отправил мяч в сетку ворот.




«Факел» смог сократить отставание лишь в концовке встречи. В добавленное время воронежская команда забила один мяч, однако сравнять счет ей не удалось.

Матч состоялся 18 августа на стадионе «Ахмат Арена» в Грозном. Главным арбитром встречи был Сергей Цыганок.

***ИА "Грозный-информ"***

◇ *День за днем*

## Члены УИКов готовы к нештатным ситуациям

На днях в актовом зале администрации района под председательством первого заместителя главы администрации муниципалитета Муслима Басханова состоялось совещание с членами участковых избирательных комиссий (УИК). Оно было посвящено организации работы в условиях возникновения нештатных ситуаций во время проведения выборов 18-20 сентября 2026 года.

В совещании приняли участие: председатель ТИК Шатойского района Хеда Демигова, представители ОМВД России по Шатойскому району и МЧС, специалисты профильных ведомств, отвечающих за обеспечение безопасности и устойчивости избирательного процесса. Участники детально разобрали типовые сценарии нештатных ситуаций на практических примерах, отработали последовательность действий и порядок межведомственного взаимодействия.

Особое внимание было уделено вопросам сохранности избирательных документов, обеспечению непрерывности процесса голосования и соблюдению требований избирательного законодательства.

## На повестке – обеспечение жильем молодых семей

Руководитель района Руслан Акаев со своими заместителями и начальниками отделов администрации муниципалитета в режиме видеоконференцсвязи принял участие в совещании, организованном Министерством строительства и жилищно-коммунального хозяйства Чеченской Республики.

В ходе совещания рассматривались вопросы формирования списка молодых семей - участников регионального проекта «Обеспечение жильём молодых семей» на 2027 год.

Совещание прошло в конструктивной атмосфере. Участники выразили готовность к дальнейшей работе по улучшению качества жизни жителей республики. По итогам совещания Муслимом Зайпуллаевым были даны поручения и установлены конкретные сроки их исполнения.

## «К новому учебному году готовы!»

В рамках исполнения поручения Главы ЧР, Героя России Рамзана Ахматовича Кадырова, глава администрации района Руслан Акаев совместно со своим первым заместителем Муслимом Басхановым, представителями районного отдела образования, Отдела МВД России по Шатойскому району и Отдела надзорной деятельности и профилактической работы провёл проверку образовательных организаций на предмет готовности к новому учебному году.

Особое внимание было уделено вопросам противопожарной безопасности, исправности водяных резервуаров и правильности ведения необходимой документации. Проверка показала, что во всех образовательных учреждениях созданы условия для организации плодотворного учебного процесса.

## С рабочей инспекцией – на избирательных участках

Глава администрации района Руслан Акаев вместе со своим первым заместителем Муслимом Басхановым, представителями ОМВД России по Шатойскому району и ПЧ Шатойского района проинспектировал имеющиеся на территории муниципалитета избирательные участки на предмет их готовности к предстоящим выборам. В частности, была проверена материально-техническая оснащённость участков.

Как показала рабочая инспекция, все проверенные объекты оборудованы необходимой техникой и инвентарём и в скором времени будут готовы к приёму избирателей. Со стороны администрации района оказывается и будет оказано необходимое содействие. Каждому жителю и гостю нашего района будет предоставлена возможность сделать свой выбор в пользу стабильного будущего государства и региона.

## Успех вокальной группы «Шатой»

Во Дворце культуры имени И.Г. Усманова Ножай-Юртовского муниципального района прошел Республиканский фестиваль-конкурс самодеятельных вокальных коллективов народного творчества "Эхо гор".

Это мероприятие было приурочено к Году горных районов Чеченской Республики и собрало под своей крышей лучшие вокальные коллективы республики, которые представили разнообразные конкурсные номера, основанные на традиционной народной песенной культуре.

В фестивале приняли участие вокальные коллективы районов республики, которые подготовили конкурсные программы, включающие как современные, так и традиционные народные песни.

По итогам конкурса дипломом лауреата 2-й степени была награждена вокальная девичья группа "Шатой" из Шатойского муниципального района. Этот успех стал значимым достижением для коллектива, который продемонстрировал высокий уровень подготовки и искреннюю любовь к народному творчеству. Дала т1аьхье беркате йойла!

***Подготовил М. АЛХАНОВ***

Учредитель газеты: Администрация Шатойского муниципального района. Адрес учредителя: 366400, ЧР, Шатойский район, с. Шатой, ул. Эрисхана Алиева, д. 14

Газета набрана и сверстана на компьютерной базе редакции **"Ламанан аз"**

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов публикуемых материалов, которые несут ответственность за их объективность и достоверность.

Отпечатано в АО ИПК "Грозненский рабочий" Адрес типографии: 364021, ЧР, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, д.12/35. Тираж - 1000. Заказ № Подписано в печать 20. 08. 2026г. по графику в 10 час. 00 мин. по факту в 10 час. 30 мин.

**"Ламанан аз"**
**Главный редактор М. М. Саламов**

Адрес редакции/издателя: 366400, ЧР, Шатойский район, с. Шатой, ул. Салаудина Гугаева, 14

Свидетельство о регистрации ПИ №ТУ 20-00051 от 16. 08. 2010г.

Газета освещает события, происходящие в Шатойском муниципальном районе.